Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 25 апрель Рузман № 19 (7889) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ДандчIвай**

## СВОялъул гIахьалчагIигун дандчIвай

Гьал къоязда районалъул бетIер Шамил ГIумаров дандчIвана къокъаб болжалалъ отпускаялъе рачIарал ТIадгъаквариса хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи



вацал Къурбан ва Исал МухIамадовалгун, Рамазан Мусаловгун ва Мурадис ГъазимухIамадовгун.

ДандчIваялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов.

Рагъухъабаз бицана жакъасеб къоялда къалул цебесеб кьерда къеркьолел рагъухъабазул, гьезул бахIарчилъиялъул, къохIехьеялъул ва къвакIиялъул хIакъалъулъ.

Рагъухъабаз божилъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер умумуз гIадин, рухI бичунги, жидеца ВатIан цIунизе букIиналда, ва гьелъие жал хIадурал рукIиналда.

Шамил ГIумаровас кIудияб баркала загьир гьабуна рагъухъабазе, божилъи гьабуна районцоязул рахъалъан гьезие къваригIараб кумек гьабизе букIиналда.

ДандчIваялъул ахиралда районалъул нухмалъулес рагъухъабазе гьарана бергьенлъигун рокъоре руссин.

### А Д М И Н И С Т Р А Ц И Я
### муниципального района «Цумадинский район»

## Постановление № 82

**от 18 апреля 2025 г.**

**О проведении конкурса на проведение сельских майданов 9 Мая 2025 года в честь 80-летия Победы Советского народа в ВОВ 1941-1945 г.г.**

В целях ознаменования 80-летия Победы в Великой Отечественной войне Советского народа и организованного проведения Дня Победы 9 Мая 2025 года, администрация муниципального района «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Утвердить прилагаемое Положение о районном конкурсе на проведение сельских майданов 9 Мая 2025 года в селе Агвали.

2. Утвердить состав районной комиссии для определения победителей районного конкурса сельских майданов 9 Мая 2025 года в селе Агвали.

3. Опубликовать настоящее постановление в районной газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети «Интернет».

4.Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР «Цумадинский район» по общественной безопасности Сиражудинова М. И.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

**Приложение №1**
**к постановлению администрации**
**МР «Цумадинский район»**
**от 18.04.2025 г. №82**

## Положение

**о проведении районного конкурса на проведение сельских майданов 9 Мая 2025 года в селе Агвали, посвященное 80-летию Победы Советского народа в ВОВ 1941-1945 г.г.**

1. Настоящее Положение определяет порядок проведения районного конкурса на проведение сельских майданов 9 Мая 2025 года.

2. Основными задачами районного конкурса являются:

- ознаменование и организованное проведение Дня Победы Советского народа в Великой Отечественной войне 1941-45 г.г.;
- повышение качества проводимого мероприятия по организации и проведению сельских майданов;
- повышение исполнительской дисциплины, порядка.

3. В конкурсе 9 Мая 2025 года должны участвовать все сельские администрации и предоставить на сельский майдан материал об участниках по следующей тематике:

- фото и видео материал;
- рефераты, сочинения, рассказы, поэмы, стихи, песни и т.д.;
- показ достопримечательности, традиции, обычаи, искусство, выступление, песни, танцы, сценарии и т.д.;
- гостеприимство и традиционная кухня каждого села;
- массовое участие сельского населения на майдане желательно в национальной форме одежды (является основным критерием майданов).

В конкурсе должны принимать участие работники СДК, КДЦ, учителя, работники ФАПов, учащиеся школ, социальные работники, работники детсадов и жители села.

Конкурс состоит из 6 туров:

1. Эмблема или герб села.
2. «Музыкальный»: 2 танца и 2 песни.
3. «Гостеприимство и традиционная кухня села».
4. Театрализованная сценка.
5. Домашнее задание.
6. Массовость населения сёл.

В музыкальном туре оценивается тема войны и мира, патриотичности Советского народа в годы ВОВ и т.д. Команда должна представить две песни и два танца. Песни и танцы будут оцениваться отдельно. По обеим оценкам будет выведен средний один балл.

В туре «Гостеприимство и традиционная кухня села» оцениваются особенности кухни каждого села, оформление стола для гостей и их прием и т.д.

В туре «Театрализованная сценка» команды должны представить небольшой эпизод из жизни фронтовиков, случай на войне и т.д.

Тур «Домашнее задание» оценивается по представленным различным наглядным пособиям в виде альбомов, рефератов, стендов, планшетов и т.д. на военную тему.

Каждая команда должна иметь свою эмблему. Одну общую эмблему (большую) размером (1м х 1м).

В туре «Массовость» учитывается большое количество людей на конкурсе, участвующих от каждого села.

Все туры оцениваются по пятибалльной системе. Продолжительность туров:

- Музыкальный - 10 мин.
- Театрализованная сценка - 6 мин.
- Домашнее задание -6 мин.

**Приложение №2**
**к постановлению администрации**
**МР «Цумадинский район»**
**от 18.04.2025 г. №82**

**СОСТАВ**
**комиссии для определения победителей**
**конкурса сельских майданов**

1 Нурмагомедов М. Г. - Председатель Собрания депутатов МР «Цумадинский район», председатель комиссии;

2 Абдулбасиров Д. З. - Начальник отдела спорта и молодежной политики МКУ «Управление культуры, спорта, молодежной политики и туризма», зам. председателя комиссии;

3 Ахмедова Х. Х. - Заведующая архивным отделом администрации района, секретарь комиссии;

4 Вахидов М. М. - Директор МКУ «Агвалинская гимназия имени Кади Абакарова», член комиссии;

5 Абдусаламова З. А. - Начальник МКУ «Управление образования», член комиссии;

6 Ашиков И. З. - Глава СП «село Кеди», член комиссии (по согласованию).

ГIадамалги гIадаталги

# Гьигьалъ ихдалил байрам тIобитIана

**Хур цIун бачIаги, рии битIаги,**
**ТIорщел гьарзаяб щун мурад тIубайги.**

**ТIасияб соналъги чи камичIого,**
**Оцбай кIодо гьабун рахъаги къватIир!**

Араб гьатIанкъоялъ, 20 апрелалда, Гьигьалъ тIобитIана ихдалил хIалтIуе байбихьи лъолеб, умумузулъанго бачIараб



магIарулазул ихдалил байрам-оцбай. Гьеб байрамалъул буго бечедаб тарих, умумузул бищеналда рекъон, КIудияб ВатIанияб рагъул соназ гурони гьоркьоб къотIизе течIого тIобитIулеб буго гьигьалъдерица гьеб тадбир. Гьелъул хаслъи ккола ихдалил хур-хералъул хIалтIуе, мавлид цIалун, дугIаалхIам гьабун, нух рагьи. Гьелъ нугIлъи гьабула цебе умумузул гьабулебщинаб ишалъуль букIараб бацIцIадаб гIадлунизамалъе.

Исана оцбаялъул тадбир тIобитIана 1986 аб. соналъ росдал школа лъугIараз.

Радалго зикруги бачун, дугIа-алхIамги гьабун тIоцебесеб рахъ бахъизе ана росдал жамагIат. Гьезда ва гьалбадерида байрам баркун кIалъазе вахъана росдал имам Мурсаил НурасмухIамадов, жамгIияв хIаракатчи МухIамадсултIан ГIалиев.

Оцбаялъул тарихалъул ва Гьигьалъ росдал динияб рахъалъул ва гIадатазул бицун кIалъай гьабуна тарихчи Шамхалдибир ГIисаевас.

Гьединго кIалъазе рахъана росдал жамагIаталъул вакилзаби, тIаде рачIарал гьалбал.

Тадбиралда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, районалъул культураялъулгун спорталъул ва гIолилазул ишазулгун туризмалъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов, Россиялъул бахIарчи ДибирхIажи МухIамадов, районалъул росабалъа ва магIарул районаздаса гьалбал.

Тадбиралъул официалияб бутIаялъе ахир лъуна бачIунеб соналъе оцбаялъул тадбир тIобитIизе тIаде босарал 1975 соналъул выпускниказухъе иргадулаб гор кьеялъул лахIзаталъ.

Гьелдаса хадуб байбихьана къуръан цIалиялъул, волейболалъул, рекериялъул, кIанциялъул ва гира рехиялъул рахъалъ къецал. Гьелъул ккана хадур рехсарал хIасилал.

**Къуръан цIали**

Васазда гьоркьоб къуръан цIалун 1 бакI ккуна ГIабдурашид ГъазимухIамадовас, 2 бакI -АхIмад ШагьрудиновасI, 3 бакI щвана МухIамад Магьиматовасе.

Ясазда гьоркьоб 1 бакI ккуна ПатIиматзагьра МухIамадхIажиевалъ, 2 бакIалде ккана Марьям ГIабдулбасирова, 3 бакI щвана Завжат ШейхахIмадовалъе.

**Рекери**

**60 м.** ТIоцебесеб бакI ккуна Р. Мирзаевас (ТIадгъаквари), кIиабилеб бакI- М. МухIамадовас (ТIадгъаквари), лъабабилеб бакI- З. ГIабдулхабировас (Къеди).

**1500 метр.** ТIоцебесеб бакI ккуна М. МухIамадовас (Гьигьалъ), 2 бакI- М. МухIамадовас (ЩIумада), 3 бакIалде ккана С. ГIисаев (СОГ-1).

**Халалъухъе кIанцIи**

1 бакI- М. ХIасбулаев (ТIадгъаквари), 2 бакI- Ш. АхIмадов (Кванхи), 3 бакI- Ш. МухIамадов (ТIисси).

**ГамачI рехи**

1 бакI- С. НурасмухIамадов (Гьигьалъ), 2 бакI- М. ХIасбулаев (ТIадгъаквари), 3 бакIП. МухIамадов (Къеди).

**Гира рехи (24 кг.)**

1 бакI- М. ХIасбулаев (ТIадгъаквари), 2 бакI- Ш. МухIамадов (ТIисси), 3 бакI -И. ГIашикъов (Къеди).

**Канат цIай**

1 бакI- СОГ (1) команда, 2 бакI- «Кванхи» команда, 3 бакI - «Гьигьалъ» команда.

Гьебго къоялъ школалъул спортзалалда тIобитIана Дагъистаналъул мустахIикъав учитель жамгIияв хIаракатчи МухIамад Канзулаев ракIалде щвезавиялъе волейболалъул



рахъалъ рагьараб турнир. Турниралда гIахьаллъана микьго команда.

Турниралъул чемпионлъун бахъана гьигьалъдерил команда, кIиабилеб бакI ккуна къедисез, лъабабилеб бакIалде ккана «МелъелтIа» команда.

ТIоцебесеб бакI ккураб командаялъе кьуна хьвадулеб Кубок, грамотаби, медалал ва 50 000 гъурущ, кIиабилеб бакI ккуразе- грамотабигун медалал ва 30 000 гъурущ, лъабабилеб бакI ккураб командаялъе кьуна грамотабигун медалал ва 20 000 гъурущ.

Тадбиралъул ахиралда Гьигьалъ росдал бетIер Рамадан ГъазимухIамадовас баркала кьуна тадбиралъул гIуцIиялъул комитеталъе, гьалбадерие ва росдал гIолохъабазе тадбир тIобитIиялъе гьабураб кумекалъухъ.




**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Литературияб гъумер



**Шамил МухIидинов**

**Хунзахъ районалъул БакьайчIи росулъа шагIир ва мугIалим Шамил МухIидинов лъаларел чагIи гIемер рати-ларо магIарулазда гьоркьор. Гьесул пасихIал, пикру гъвари-дал, насихIатгун дугIа жидеда гIемерал кучIдул разиго къабул гьарула цIалдолез. Цодагьаб цебегIан къватIибе бачIана, авар адабияталда жаниб лъугьа-бахъинлъун лъугьараб, «Накъит» абураб баснябазул тIехь. Абизе бегьула гьанже магIарулазул жидерго Крылов вугилан.**

**2025 соналъул 20 апрелалъ Шамил МухIидиновас бана 85 сон. «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул редакциялъ ва тIолго районалъул жамагIаталъ баркулеб буго кIудияв шагIирасда юбилей, гьарулеб буго чорхое сахлъи, рекIее парахалъи…**

## Салам, дир Дагъистан

Салам, дир Дагъистан, мугIрузул улка,
Мехтизе гьавула дур гьайбатлъиялъ,
Лъаралги рацIц1адал, гIоралги гучал,
Гьебго гIамал лъола, дуца гIолилалъ.

Салам, дир Дагъистан, бокьулеб ВатIан,
Рокьуца рорчIуна ракIазулъ ияхI,
Дур иман щулияб багьадураб халкъ,
БахIарзал режулеб маххул къебелъи.

Салам, дир Дагъистан, цIумазул ВатIан,
ЦIа буго дур рекIелъ дунял хинлъулеб,
Дуй гIоло рухI кьурал шагьидзабаца,
Бакараб канлъиялъ кунчIун буго мун.

Салам, дир Дагъистан, бисазул ВатIан,
Мисал босизе жо гIемер буго дур,
Бергьараб адабги, ияхI, намусги,
Босани сахлъила унтараб дунял.

Дуца буцIухIун чIун жаваб гьабула,
ЖахIдаялъ рухIулел ахIмакъзабазе,
АхIи-хIур гIемерал, гIакълу мукъсанал,
КъабихIаб мацIалъул жагьилзабазе.

МугIруз борхатго ккун хъахIал бутIрулгун,
РитIухъго цIунула, жидерго закон,
ХьуцIил гIамал гьечIо, гIадатазда гьорлъ,
ГIадлу гьабула гьелъ къабихIлъиялъе.

ЛъикIаб амру бугищ, сихIирлъи гьечIищ,
Гьобол, вац кинигин гьавула къабул,
Божизе бегьула гьудуллъиялда,
Гьелъие хилиплъи лъачIо мугIрузда.

Салам, дир Дагъистан, гьункараб хьизан,
Гъункун, цолъун рукIин, буго хIажалъун,
ХIапи рагIуларищ гьарачагIазул,
Чилъиялъул байрахъ борхалъуда чIвай!

## Будун ахIея как

Рогьел лъазабизе бакъул нургIадин,
Будун, чIухIун ваха михIмараялде,
ГIемерал сонаца щокъроб къараб как,
Бугеб къуватги кьун ахIе, рогьанин.

Рогьана, рагьана, АлхIамдулиллагь!
ХIаййагIала ссалат, ахIе цIидасан,
Сангар цебе гьабун къан букIараб дин,
ТIун гьебгун биччанин рагIизе гьабе.

Будун, ахIея как, ракъварал мугIрул,
Дур гьаркьил цIадалъухъ урхьун рукIанин,
Зодир хIанчIазул цин рачунел бакьналъ,
Западалъул асар лъугьун букIанин.

Будун, нугIлъи гьабе, Аллагь цо вугин,
МухIаммадги хIакъав авараг вугин,
Иман- ислам лъалел бусурбабазде,
Бичасул рокъоре гIедегIейилан.

Будун, ахIе цо как, хунздерил тIалъи,
Аллагь лъаялдалъун тIадегIанлъизе,
ГIисяналда ругел согIал ракIалцин
Бергьараб асаралъ сорозаризе.

Будун, ахIея как, дур гьаракьалъухъ
Чанги инагьданин дагъистаниял,
Аллагьасда аскIоб дин - ислам букIин,
Щиял гIелаздаги бичIчIизе гьабе.

* * *

Тохаб дунялалъухъ рокьи ккарав дун,
Ракьулъе инеги хIинкъулев вуго,
ХIакъаб хIужжаялъе къулуллареб напс,
КIал гьикъулеб къоргун къецалда буго.

Бакъул къоги гIузру, къасиги гIазаб,
ГIадалаб чIухIиялъ чIвалеб буго черх,
Чилъиги бугеблъун, лъайги щвараблъун,
Щунго бахъунареб камилаб гIакълу.

* * *

ГIадамалги рихун тIагIат гьабиялъ,
Гьабиладай пайда ахираталъе,
Аллагьу акбаран кIалалъги ахIун,
ВахIщилъи гьабулел щал чагIи кколел?

Дин насихIат бугин, хIалимлъи бугин,
ХIадисги букIаго, кIолеб кин гьедин,
Бичасул нухалде гIадамал дуца,
ГIакълуялъ ахIеян аят батичIищ?

Дие рокьуларо рокьукъаб куцгун
Зулмуялъ лъикIалде рачунел чагIи,
РакIал лъукълъукъулел хъачIал рагIабаз
РагIдукьа бакъукье къотIизе гIалам.

Бакъул хинлъи лъани ретIел бахъула,
Хинаб лъеца гурищ ретIел бацIцIунеб,
Хинаб рагьараб ракI, хIеренаб калам,
ХIикматалъ цIай инсан, нилъеца аскIов.

## Дир кантIи

ХIакъаб пикруялъул буракьги кьолон,
Дун воржунев вуго БетIергьанасде,
Къуръаналъ малъухъе гIамали гьабун,
Нийят цолъун буго къучIчIаб Исламгун.

Дун, кватIун борчIараб хIелеко гIадин,
ХIалуцун гIегIедун рогьел ахIулев,
БухIараб бакъул кеп бакъанидалъан,
Ригь нахълъараб гIужалъ бакъукь вежулев.

Дица Аллагь рехсон зикру бачиналъ,
Черхгин ракI сахлъулеб бихьидал лъана,
МухIаммадил суннат щулаго ккваялъ
ТалихI гIуцIулеблъи гIедал бичIчIана.

Дун къиблаги цIехон къватIив вахъиндал,
Бичас КагIбаялде щвезе гьавуна,
Гьудул кьучIчIав щвезе тIалаб гьабидал,
Диналъул тIахьаца аскIов ахIана.

Аллагь рехсечIого арал соназул
Мехтараб дир гIакълу кватIун бигьана,
«Культуриявчилъун» хIазе бокьиялъ,
Хъархъалъе ккарав дун гьанже ворчIана.

Дица ракI-ракIалъго ахIулеб буго:
Ла илагьа илла Ллагь, БетIергьанилан,
Дур хIакъав авараг МухIаммад вугин,
Гьесул суннат кквезе квер бакъейилан.

## Мун бергьана, дун къуна

Дир хабада чIван бугеб гIадатаб ганчIил зани,
ЧIухIаниги бегьила - мун бергьана, дун къуна.
Къокъабго гIумруялъуль дир хIатIикь букIана мун,
Гьанже мун бахъун чIана, дун дур хIатIикье ккана.

Дир гIумрудул тIехьалъул ахиралда лъураб тIанкI,
ТIолго къисмат буссана борхатаб заниялде,
Хирияб, цIакъабан дица гьабураб гIумру
ГIурдалъе ун, харбие, хабалалъ зани тана.

БоцIи данде гьабуна, гьундул кIудиял рана,
Гьезул къисмат лъаларо - хабалалъ зани тана.
Зигар-бакъгун, къацандун, къелккун гIумру тIамуна,
ТIехь-квачIалде вуссана - хабалалъ заман тана.

Диего гьечIеб гIакълу гIадамазе бикьана,
Пайда ккараб - лъаларо - хабалалъ зани тана,
ЛъикIаб квешалъул гIорхъи батизе захIмалъана,
Лъималин чIучIадана - хабалалъ зани тана.

Эбел-инсул малъараб босизе дун кватIана,
КватIана тавбуялъе - хабалалъ зани тана.
Аллагь гурхIичIонани ворчIизе бакI дир гьечIо,
БетIергьан, хвасар гьаве - хабалалъ зани тана.

Дир тIолго гIумруялъул нахъе хутIараб хIужа,
ЦIорораб гамачIалде свераараб дир чIаголъи,
Дир хабада чIван бугеб гIадатаб ганчIил зани,
ЧIухIаниги бегьила - мун бергьана, дун къуна.

## Эбел-инсул хабатIа

Ничалъул асаралъ черх кIвекIулаго
Щвана эбел-инсул хабаде жакьа,
Нуж жанир рахчарал ракьул гъамсазда
Накабазде вортун кIусана цеве.

Дир каранзул парчахI кIетIелеб буго,
Щаяли лъаларо, дун чIаго вуго,
ЧIагояв дидаса рухI гьечIел нужер,
ТIадегIанлъи дида бичIчIулеб буго.

Нужеда цере дир налъаби руго
РецIизе хIалкIвечIел, цIакъго кIудиял,
Дица нужей кьураб гIакъубаялъул,
ГIакълу гьечIолъиялъ лъурал ругьназул.

Аллагьасе тIагIат гьабизе кколин,
ТIоцебе нужеца малъун букIана,
МухIаммад авараг хIакъав вугилан,
ГьитIинго вукIаго бицун букIана.

Бичасда цебе дир кIарчамлъи бихьун,
Чанги бальго магIу къулчIаралги нуж,
Фаризаяб как-кIал толеб бугилан
Таманаб хIехьана чехьалъул бухIи.

Дир хIаракаталъухъ балагьун чIечIо,
Исламалъул хьон хьан хьулалда чIана,
ЦIадахъ балагьарав хурухьангIадин,
Дилъ гьеб тIирщиялда божун рукIана.

Огь, дун гIедегIичIо нуж тIерхьинегIан,
Аллагьасе тIагIат бацIцIад гьабизе,
ЦIияб дунял бугин гIуцIулебилан,
Бихххи гьечIел къучIал кIваричIин чIана.

Гьанже вуго гьале, Бичасда цеве,
РецIизе кIоларел налъул гьиралгун,
Бичасул Судалъул къо гIунтIилалде,
Гьарула хирияв, нуж тIаса лъугьа.

Нижехъе хъвалеб буго

# Подписка гьабе, ле!

Казияталъул хIакъалъулъ редакциялда кагъат хъвачIого кинго тIувачIо. Дун гIумру гьабун чIезе ккана Кизилюрт районалъул Комсомольское росулъ. Доб нижер мухъалда вагъабизма багъарараб мехалъ, кигIанго бокьичIониги, дун гочизе ккана гIатIиракьалде. Комсомольское росулъ хIалтIулеб почалъул хIалтIухъабазул щиялъ дун вихьараб мехалъ абула подписка гьабеян. Гьез абурабги гьабун, дица анлъго моцIалъе гьабула подписка, дирго гьалмагъги вичала хIалица подписка гьабизе.

Дун гIумру гьабун вугеб къотIнор гIемерисел руго щумадисел. Гьезул щивасухъе уна дун нилъерго «Щ1умадисезул гьаракьалъе» ва «ХIакъикъаталъе» подписка гьабеян абун. Чантинисанги бахъун дир хъат гIанасеб телефон бихьизабула, гьаледила дир казият, лъица цIализедила хъвала гьеб, лъималазда магIарул мацIалъул цо рагIицин лъалебги гьечIони. ЧIахIиязгицин хIалица бицулеб буго магIарул мацI бащдаб гIурусги жубазабун. Рузман къоялъ вагIза гьабулев дибирас лъанги лъачIогоги гIурус мацIалъ хъурула вагIза. Лъималазда как бухьицин гIурус мацIалъ малъулеб буго. Гьеб лъабго рагIицин нилъерго мацIалъ малъизе бегьулародай.

Чанги лъималазул хIафизал рахъулел руго, лъабо рагIи нилъер мацIалъ малъизе кIолеб гьечIо, лъималазул лъималаз кин лъазабизе бугеб какил мацI, тIагIун унеб буго рахьдал мацI, яхI-намус ва адаб. Гьеб цебехун бачизе борхизабизе ХIамзатил Расулги гьечIо. Дун гьитIинаб мехалъ нижер рокъоб камулароан «БагIараб байрахъ» ва «Колхозчи» казиятал. МухIамад Шамхалов редакторлъун вугеб мехалъ щибаб къоялъги казият къватIибе бачIулеб заман букIана. Эчеда майданалда почалъул отделениялда дов мунагьал чураяв ГIиса хIалтIулеб мехалъ «хинабго» цIализе щолеб букIана казият.

Гьанже казият цIализе щолеб буго басралъараб мехалъ, щай абуни, рузман къоялъ къабулеб буго зарбу, цIалулесухъ щолеб буго выходноялги ккун анкьидасаги. Итни къоялъ бегьулародай казиятал къватIире ричазе, жиндир заманалъ цIалдолесухъги щвезе. Гьабулеб данде билъаги. Хабарал лъикIал рагIаги.

**ХIажияв СагIитбеков,** Хъвайни-коло

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Саситли» за 2024 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2024 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 18,0 | 18,0 | 22,0 | 122,2 |
| 2 | Земельный налог | 3,0 | 3,0 | 0,2 | 6,7 |
| 3 | Налог на имущества | 1,0 | 1,0 | 0,2 | 20,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | | 0,0 |
| | пр/налоги | 35,0 | 35,0 | 35,0 | 100,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **60,0** | **60,0** | **57,4** | 95,7 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1768,0 | 1768,0 | 1768,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 157,0 | 157,0 | 157,0 | 100,0 |
| | **Итого** | **1925,0** | **1925,0** | **1925,0** | **100,0** |
| | **Всего доходов** | **1985,0** | **1985,0** | **1982,4** | **99,9** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1149,0** | **1149,0** | **1149,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 754,0 | 181,0 | 574,0 | 317,1 |
| 2 | **ВУС** | **157,0** | **157,0** | **157,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 121,0 | 121,0 | 121,0 | 100,0 |
| 3 | **ЖКХ** | **220,0** | **220,0** | **170,0** | 77,3 |
| 4 | **Культура** | **294,3** | **294,3** | **294,3** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 226,0 | 226,0 | 225,9 | 100,0 |
| 5 | **ФК и спорт** | **5,0** | **5,0** | **0,0** | 0,0 |
| | **Всего расходов** | **1825,3** | **1825,3** | **1770,3** | **97,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1101,0 | 528,0 | 920,9 | 174,4 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Саситли»** **З. Набигулаев**

Спорт

# Иргадулаб нухалъги вахъана Россиялъул чемпионлъун



Дагъаб цебе Москва областалъул Люберцы шагьаралда тIобитIана рачлида рагъиялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат.

Гьенир гIахьаллъана къоло ичIго регионалдаса лъабнусго гугарухъан. Иргадулаб нухалъги гьенив 100 кг. цIайиялда чемпионлъун вахъана нилъер ракьцояв, халкъалда гьоркьосеб классалъул спорталъул мастер КIванадаса Халилов Гьази.

Гьази гIахьаллъизе вуго июлалъул ахиралда Абу-Дабиялда тIобитIизесеб дунялалъул чемпионаталда.

Баркула Гьазида иргадулаб бергьенлъи, гьарула дуналалъул чемпионаталдаги меседил медаль босизе сахлъи, талихI ва икъбал.

# Россиялъул первенствоялда лъабго медаль босана

17-20 апрелалда Грозныялда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб (U21) эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенство.




Гьениб 97 кг. цIайиялда цеве вахъарав ТIиндиса МухIамадхIажи МухIамадовас (сураталда) ккуна тIоцебесеб бакI. КIиабилеб бакI щвана 86 кг. цIайиялда Акнадаса АхIмад МукIутовасе, лъабабилеб бакIалде ккана Эчедаса ГIабдурахIман ГIабдусаламов (74 кг.).

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Гьигьалъ школалъул хIалтIухъан Тутахьай ВахIидовада гьесул яс

**Мадина**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги, эбел-инсуе, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе иманияб сабру кьеги.

Нилъер солдатал

# Грамота щвана



Кир ругониги, кире кканиги нилъер гIолохъабаз бихьизабула ватIаналде бугеб рокьиги, бахIарчилъиги, къвакIиги, къохIехьейги. Хасго гьеб загьирлъула нилъер гIолохъабазул армиялда.




Дагъаб цебе рохалилаб хабар бачIана армиялде ун гIемер заман балелдего Метрадаса Давудов АхIмадил хIакъалъулъ. Рагъулаб часталда тIобитIараб чемпионаталда турникалда цIан (подтягивание) АхIмадица ккун буго тIоцебесеб бакI.

Рагъулаб часталъул командирас АхIмад Давудов кIодо гьавун вуго грамотаялдалъун.

Баркула гьеса тIаде щолеб байрам- КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубай (АхIмадил кIудадал эмен вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи), гьарула мустахIикъаб куцалъ рагъулаб хъулухъ тIубазе щулияб сахлъи.

ТIадеги лъайкьеялъул районалъул централъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго МухIамадов Завурбег ГIабасхIажиевичасда гьесул вац

**Мухтар**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго МухIамадов Завурбег ГIабасхIажиевичасда гьесул вац

**Мухтар**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хьизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Кьенгъара росу, Заводалъул къватI, 4

«Щ1умадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1276
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоlьи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maIl.ru